

Pwogram Ankourajman Sante (HIP)

Kesyon Moun Poze Souvan (FAQ): Kliyan SNAP



Kesyon: Kisa HIP ye?

Repons: HIP ede ou achte plis fwi ak legim nan men kiltivatè ak benefis SNAP ou (ki rele tou food stamps/koupon pou manje). HIP se yon pwogram ankourajman inik nan Massachusetts ki ede ou genyen plis benefis SNAP.

Kesyon: Kijan HIP travay?

Repons: Itilize benefis SNAP ou kay youn nan detayan nou yo pou achte fwi ak legim. Ou pral jwenn lajan SNAP la ou depanse nan fwi ak legim ki kalifye yo retounen tousuit sou kat EBT ou, jiska yon limit mansyèl.

Enpòtan: Ou dwe depanse benefis SNAP/Food Stamps nan fwi ak legim pou genyen benefis HIP yo.

Li fasil pou genyen benefis ankourajman HIP yo. Lajan an ale sou kat EBT ou tousuit apre chak acha ki kalifye. Ou pral wè yo ajoute li tounen nan balans SNAP ou. Kòm toujou, ou ka depanse balans sa a nan manje SNAP nenpòt kote yo akespte SNAP.

Kesyon: Konbyen HIP mwen ka genyen chak mwa?

Repons: Ou ka genyen:

- Jiska \$40 pa mwa si genyen 1 oswa 2 moun nan fwaye SNAP ou
- Jiska \$60 pa mwa si genyen 3 a 5 moun nan fwaye SNAP ou
- Jiska \$80 pa mwa si genyen 6 oswa plis moun nan fwaye SNAP ou

Pa bliye: Sa se lajan ekstra ou ka fè sou kat EBT ou chak mwa, an plis benefis mansyèl regilye SNAP ou yo.

Kesyon: Ki kote mwen ka genyen HIP?

Repons: Ou ka achte fwi ak legim ki kalifye pou HIP nan sit yo ki patisipan atravè tout eta a. Sit patisipan yo gen ladan yo:

- Mache kiltivatè yo
- Mache kiltivatè mobil yo
- Estann fèm yo
- Pwogram pataje fèm pou Agrilti Kominote a Sipòte (CSA)

Kesyon: Ki kote m ka jwenm yon detayan HIP?

Repons: Plizyè kote!

- Ale nan <https://massnrc.org/farmlocator/map.aspx> (chwazi HIP anba Pwogram Nitrisyon)
- Ale nan mass.gov/HIP
- Rele Liy Dirèk Project Bread's FoodSource nan 1-800-645-8333

Konsèy: Chache logo HIP a lè w ap achte, oswa mande kiltivatè a si li patisipe nan HIP.

Ou pa ka genyen HIP nan magazen manje yo, tankou sipèmache yo. Sepandan nan sipèmache yo oswa nenpòt kote ki akespte SNAP, ou ka depanse lajan ou te genyen an tounen sou kat EBT ou la atravè HIP.

Kesyon: Ki fwi ak legim nan you fèm HIP ki kalifye pou HIP?

Repons: Fwi ak legim ki fre, nan bwat, ak jele. Yo pa dwe genyen sik, sèl, grès, oswa luil ki ajoute sou yo.

Kèk egzanp nan sa a yo se:

- zonyon
- pwa/pè
- bwokoli
- tomat nan bwat
- sòs pòm
- beri jele
- djondjon seche
- fèy fre
- grenn legim
- plant pou kòmanse jaden ou (tankou grenn tomat oswa plant tomat)



Egzanp manje ki pa kalifye gen ladan yo:

- legim ak ji fwi (tankou sid pòm)
- fwi ak legim pou òneman ak dekorasyon
- epis ak fèy seche

Kesyon: Mwen genyen \$0 ki rete sou kat EBT mwen. Èske m ka toujou genyen HIP mwen pou mwa a?

Repons: Non. Ou dwe genyen SNAP ki disponib sou kat EBT w la pou peye pou fwi ak legim anvan yo retounen lajan an sou kat ou atravè HIP. Si ou depanse tout benefis SNAP ou yo pou mwa a, ou pral bezwen rete tann jiska pwochen SNAP ou soti pou genyen HIP.



Kesyon: Kilè limit HIP mansyèl mwen kòmanse?

Repons: Limit mansyèl HIP ou kòmanse premye jou nan chak mwa. Li pa kòmanse menm jou ou resevwa benefis SNAP ou yo.

Egzanp: Sally Smith se yon fwaye SNAP pou 1. Limit mansyèl HIP li se \$40. Li jwenn benefis SNAP li nan 13èm jou chak mwa. 1e jen, Sally te fè yon acha pwodui alimantè \$20 ki kalifye pou HIP. Sally gen \$20 ki rete pou li genyen pou mwa jen an. Sally kapab genyen 40 dola an plis apati 1e jiyè.

Kesyon: Kijan m ka genyen limit total HIP mwen?

Repons: Achte fwi ak legim HIP dabò anvan ou depanse benefis SNAP ou nan lòt pwodui alimantè.

Egzanp: Jon Snow resevwa \$300 pou benefis SNAP. Jon ale nan mache kiltivatè lokal li apre li te jwenn benefis mansyèl SNAP li epi li achte tout fwi ak legim li yo. Jon te an mezi genyen limit mansyèl HIP \$60 li. Ansuit li itilize rès SNAP li nan lòt pwodui alimantè.

Kesyon: Kijan m ka konnen konbyen benefis ankourajman HIP mwen te genyen pou mwa sa a?

Repons: Gen de fason pou tcheke.

1. Lè ou achte fwi ak legim ki kalifye pou HIP, gade resi ou. Resi ou pral montre:

- balans ou sou kont SNAP/EBT a
- konbyen ankourajman HIP ou te genyen nan vant sa a
- konbyen ankourajman HIP ou te fè pou mwa sa a.

2. Rele nimewo ki nan do kat EBT w la (1-800-997-2555). Sa pral di ou:

- balans ou sou kont SNAP/EBT a
- konbyen ki retounen sou kat ou atravè HIP pou mw



EGZANP RESI

Sa a montre balans SNAP ou pou kòmanse. “SNAP Purchase” se konbyen ou depanse ak kat EBT ou. “HIP Earned” se konbyen nan acha sa a ki kalifye pou HIP. Yo te ranbouse “SNAP Purchase” la tousuit ak “HIP Earned” lan, se pou tèt sa pa gen chanjman nan balans SNAP la.

“HIP Earned MTD” se konbyen HIP ou te FÈ pou mwa sa. Ou ka konnen konbyen HIP ou ka toujou fè pou mwa sa a lè ou retire “HIP Earned MTD” nan Limit masyèl HIP ou (\$40, \$60, oswa \$80)

Verizon 12:38 PM 54%

Receipt Details Done

Proc#: 3906152 02/22/2017
Term#: T0000001 12:36:49 PM

SNAP Purchase

Card Num: xxxxxxxxxxxxxxx3245 *
Settlement Date: 02/22/2017
Merchant: < No Merchant >
(Market Manager)

Balance Summary:	
SNAP Begin Bal:	230.00
SNAP Purchase :	-20.00
HIP Earned :	20.00
SNAP End Bal :	230.00

Cash Balance :	100.00
HIP Earned MTD:	25.00

Result: Approved
Auth #: 123456

Send

Kesyon: Si m pa genyen limit total HIP masyèl mwen, èske m ka genyen ekstra HIP pou mwa pwochen an?

Repons: Non.limit HIP masyèl ou rete menm jan chak mwa, apati premye jou nan mwa a.

Kesyon: E si m gen kesyon konsènan HIP mwen?

Repons:

- Rele Liy Dirèk Project Bread’s FoodSource nan 1-800-645-8333
- Vizite www.mass.gov/hip

Kesyon: Kijan manje ki kalifye pou HIP yo ede mwen ak fanmi mwen?

Repons: Manje anpil fwi ak legim chak jou ede kenbe ou an sante! Yon rejim alimantè ki sen ede anpeche malady kè, dyabèt, kolestewòl, ak kansè. Li ede w tou kenbe yon bon pwa. Fanmi yo pi an sante lè yo manje plis fwi ak legim!

Ale nan www.mahealthyfoodinasnap.org pou plis enfòmasyon.